# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 जून 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहले हवे कि भारत के विकसित बनवले में नारी–शक्ति क परिवर्तनकारी भूमिका होई अउर येही नाते सरकार पछिला एगारह बरिस से महिला लोगिन के अगुवाई पर ढेर धियान दे रहलि हउवे। उहां के कहलीं कि विज्ञान, शिक्षा, खेलकूद, स्टार्ट–अप अउर सशस्त्र बल, हर क्षेत्र में महिला लोगि उत्कृष्ट प्रदर्शन कई के अउरियों लोगिन खातिर प्रेरणास्रोत बनि रहलि हइन। एनडीए सरकार के ग्यारह बरिस पूरा भइले के मौका पर सोशल मीडिया पोस्ट में प्रधानमंत्री बेटी बचाओ–बेटी पढ़ाओ अभियान के बालिका संरक्षण क राष्ट्रीय अभियान बतवले।

**********

देस में सेवा, सुशासन अउर गरीब कल्याण के सिद्धांत से प्रेरित एक दसक में महत्वपूर्ण बदलाव भइल हवे। आकाशवाणी समाचार पछिला एगारह बरिस में प्रमुख क्षेत्रन में सरकार के कोसिस पर एगो विशेष प्रसारण लेके आइल हउवे। येह श्रृंखला में आजु प्रस्तुत बाटे मध्यम आय वर्ग के कल्याण पर केन्द्रित ई विशेष रिपोर्ट...

**पिछले दस सालों में, भारत का मिडिल क्लास देश के विकास की यात्रा के केंद्र में रहा है। सरकार ने टैक्स सुधार, टैक्स में छूट, सामाजिक सुरक्षा और कौशल विकास के जरिए मिडिल क्लास को सशक्त बनाने का प्रयास किया है। नई टैक्स व्यवस्था में अब 12 लाख रुपये तक की आमदनी टैक्स–मुक्त कर दी गई है। पहले से भरे हुए इनकम टैक्स रिटर्न और फेसलैस मूल्यांकन प्रणाली ने टैक्स भरने की प्रक्रिया को तेज, आसान और पारदर्शी बना दिया है। यूनिफाइड पेंशन स्कीम के अंतर्गत 25 साल की सेवा वाले सरकारी कर्मचारियों को उनके औसत मूल वेतन का 50 प्रतिशत पेंशन के रूप में सुनिश्चित किया गया है। वहीं, पिछले 10 सालों में महंगाई की दर औसतन 5 प्रतिशत रही है जो कि इससे पहले के 10 सालों में 8 दशमलव दो प्रतिशत थी। सरकार के इन सभी प्रयासों ने मिडिल क्लास को असली ताकत दी है। अक्षित वैद्यान, आकाशवाणी समाचार, दिल्ली।**

**********

विकसित कृषि संकल्प अभियान में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु औरैया जिला के जनता डिग्री कॉलेज में मक्का किसानन से बातचीत कइलें। येह मौका पर मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के मंशा के मोताबिक अन्नदाता किसान अपने पुरूषार्थ से देश के समृद्धि में सहायक हो रहल बाटे। उहां के तीनि फसल लेवे वाले मक्का किसानन क सराहना करत कहलीं कि–

**जिस प्रदेश में पहले केवल दो फसल, एक फसल तक अन्नदाता किसान सीमित रह जाता था, आज वही प्रदेश दो फसल के अलावा एक तीसरी फसल मक्का की पांच लाख हेक्टेयर क्षेत्रफल में उसका उत्पादन करके अच्छा मुनाफा कमा रही है।**

मुख्यमंत्री कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में डबल इंजन क सरकार किसान कल्याण के कार्यक्रम के पुरहर प्रतिबद्धता से आगे बढ़ा रहलि हवे।

**अन्नदाता किसान के जीवन में परिवर्तन का आधार ही यही है। विकसित कृषि संकल्प अभियान इसी कड़ी का हिस्सा है कि हम खेती को लागत को कम करें, उत्पादन बढ़ाएं, उपज को बाजार उपलब्ध करवाएं। किसान को उसकी उपज का अच्छा दाम दिलवाएं**

कार्यक्रम में मुख्यमंत्री प्रगतिशील किसानन के सम्मनित कइले अउर किसानन के मिनी बीज किट बंटलें। येह मौका पर प्रदेश क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाही, कृषि राज्य मंत्री बलदेव सिंह औलख, औरैया जिला क प्रभारी मंत्री प्रतिभा शुक्ला के सथहीं कई गो अउरियो जनप्रतिनिधि मौजूद रहलें।

**********

आकाशवाणी आजु अपने सेवा क नब्बे बरिस पूरा कई लिहलसि। आठ जून उन्नीस सौ छत्तीस के अजुये के दिन्ने भारतीय राजकीय प्रसारण सेवा क नांव बदलि के आकाशवाणी कइल गइल रहे। ई देस के सांस्कृतिक सूचना अउर प्रसारण के इतिहास में एगो ऐतिहासिक क्षण रहल। आजु आकाशवाणी पांच सौ इक्यानबे स्टेशनन क संचालन करेला जवन भारत के अट्ठानबे फीसदी आबादी के तेइस भाषा अउर एक सौ छियालीस बोली में प्रसारण प्रदान करे ला।

**********

भारतीय रेलवे की ओरि से 'फिट इंडिया मूवमेंट' अउर पर्यावरण संरक्षण के बढ़ावा देवे बदे 'संडे ऑन साइकिल' अभियान के जरिए आजु बनारस रेल इंजन कारखाना –बरेका, वाराणसी में भव्य साइकिल रैली क आयोजन कइल गइल। रैली क शुभारंभ बरेका महाप्रबंधक नरेश पाल सिंह हरियर झंडी देखा के कइले अउर सबके फिट रहले आ पर्यावरण के प्रति सजग रहले क सनेसो दिहलें।

**********

प्रदेस के पूर्वी हिस्सा के जियादेतर जिला येह दिनन भीषण गरमी के चपेट में हउवे। मौसम विभाग अगिला दुइ दिन्न में येह स्थिति में अउरियो बढोत्तरी क चेतावनी जारी कइले हवे। विभाग बिहने से प्रदेस के कइ इलाकन में लूह चलले क अनेसो जतवले हवे। येह बिच्चे अधिकतम तापमान में तीनि से पांच डिग्री सेल्सियस के बढोत्तरियो क अनुमान बाटे।

**********